ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№64 (21.222) ● 2008 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 2, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Ди псэлъэгъуэр

ІэщІагъэлІхэм ядэІэпыкъуным хуаунэтІ

Гъатхэнэм и 20-м КъБР-м и Парламентым кІыщтащ «КъБР-м щыпсу щыху гуп щхьэхуэхэм къэралым социальнэ дэІэпыкъуныгъэ зэрыритым и Іуэхуф» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» республикэ Законыр. А документыр яІэхъэзэрыщ псэупІэмрэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэр тыным и лъэныкъуэкІ щыхухэм ядэІэпыкъун папщІэ ахъшэ яхуэхъунымкІэ щыІэныгъэм хиубыдэу. Парламентым и зэІущІэм зэрыщыжаІамкІэ, льготэ зиІэхэм зэрадэІэпыкъуэ федеральнэ, республикэ регистрэхэм хиубыдэхэм яхуэхъэзэуэ ахъшэм хуагъэкІуэн хуейщ 2008 гъэм щыхъуэм ирихьлІу.

Мы Іуэхум нэхъ зэпкърыхуэу тепсэлъыхьыну дэ дельэІуащ КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ и унафэщІ Жанатаев Сэлим.

- ЗэхъуэкІыныгъэхэр иэхьибзу зытеухуар сыт, мазэ къэс ятыну ахъшэр бжыгъэ гуэр хуэхуэ яІэуэрэ?

- Ямрэ псэупІэмрэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэр тынымкІэ льготэхэр зыхуагъэувэм а уасэхэм хукІэргъэхуу щытамэ, иджы кІащта законым ипкъ иткІэ, къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэ зратхэм хиубыдэхэу къуажэм щыпсэухэм - узынщагъэр хъумэным, щыхухэм Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэным, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, къэрал ветеринар къуалыкъуэм, физкультурэмрэ спортымрэ я Іуэхущ1апІэхэм я ІэщІагъэлІхэм мазэ къэс социальнэ дэІэпыкъуныгъэу сом 200 иратынущ. Мазэ къэс ят а ахъшэм инфляцэр зыхуэдизым елытауэ тэ къэс хагъэхъуэнущ зыхуэфащэ финанс ильэсым тещІыхьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым и Іуэхукі Іэ законым ипкъ иту.

- Къуажэм дэс ІэщІагъэлІхэм ящыщу пенсэм кІуэхэми ащхуэдэ дэІэпыкъуныгъэ яІэрыхьэну?

- Зи гугъу тщІы Законым и 10 статьям и Іыхь 1-м и пункт 2-м кІуэзэригъэувымкІэ, пенсэм кІуауэ къуажэм дэс ІэщІагъэлІхэми а дэІэпыкъуныгъэр мазэ къэс иратынущ, ахэр къуажэм ильэсищІ нэхъ рэзэ мынэхъ мащІэкІэ щылэжьамэ.

- Мы зэхъуэкІыныгъэхэм къару щагъэзытыпхъ сытым щыгъуэ? А документым ипкъ иткІэ зыгурыІуэ зыжьыну щІэрэ егъэджэныгъэрэ щэнхабзэмрэ я Іуэхущ1апІэхэм я лъэныкъуэкІ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм ящэкІуэ компенсацэ зрамытахэм яІэрыхьэжьыну ахъшэм?

- «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэ мардэхэм я Іуэхукі Іэ» КъБР-м и Законым ипкъ иткІэ мы документым къару игъэуэтынущ, ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ махуипщІ дэкІмэ. Ауэ а законым зыкІи зригъэхъуэжьнукъым зи гугъу тщІа цІыху гупхэм коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм ящэкІуэу иратыжыну ахъшэм. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и мурадщ апхуэдэ щІыхуэу зэтрихьам щыщу сом мелуани 10-р дызэрыт ильэсым, адрей къаналэр 2009 гъэм ипшынжыну.

БАТЫР Любэ.



ІэщІагъэлІхэр къомэщІэкІ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС.

Урысей Ипщэм и промышленникэмрэ хъэрычэтыщІэхэмрэ я ЗэщІэзыгъуІуэ советым и зэІущІэ иджыблагъэ республикэм щекІуэкІащ. Абы щытепсэльыхьащ Кавказ Ищхъэрэм и транспорт-энергетикэ инфраструктурэм зегъэужьынымкІэ щыІэ Іэмалхэм, щыналъэм Іуэхущ1апІэхэр лэжьакІуэхэмкІэ кІыхьэгъэпэщыным.

УРЫСЕЙ Федерацэм и промышленникэхэмрэ хъэрычэтыщІэхэмрэ я советым и тхьэмадэ Шохин Александр кІыхирэгъащІ, кІэралым и экономикэм зэпІэзэрыту зиужьныр зытепсэльыхь Іэнатіэхэм хуащІ гулыытэм кІэдкІэ зэрелытар. Урысей Ипщэм и щІыналъэхэм щыщІэ щытыкІэм триухущ УФ-м и Президентым и лІыкІуэу ЮФО-м щыІэ Рапотэ Григорий и псалъэр: Кавказ Ипщэм и щІыналъэхэм жыджэру зауэ, псэупІэ-хуэныгъэ лэжьыгъэр дэнэкІи щокІуэкІ.

«Урысей Ипщэм и щІыналъэхэм дэнэ щІыпІэкІи ухуэныгъэ техникэхэр, кранхэр щыбольагъу. Урысей Федерацэм и адрей щІыпІэхэм ебгъапщэмэ, ЮФО-м автомобиль гъэзгу зэпащэр иІэщ. Ауэ ахэр иджыри едмыгъэфІакІуэу хъунукъым, сыту жьпІэмэ мыгувэу Къэрэшей-Шэрджэсым ухуэн щыщІадзэнущ тенджыз ФІыцІэм нэхъ кІэщІ дыдэу ухуэзащІэ Минводы - Черкесск - Адлер автомобиль гъэзгу», - къыхиГэщащ Рапотэ Григорий.

КъэкІуэнум йогупсыс

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Президент Тхьэкіэцунэ Аслъэнджэрий иджыблагъэ я ІэущІащ Мейкъуапэ къэрал технологие университетым и студентхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ.***

«КЪЭРАЛЫМ гулыытэ хэха хуеущІ Іэщ1агъэлІ нэс гъэхьэзырыным, технологиещІэхэм. Абы къыхэкІыуи Адыгейм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэупщІэ зиІэ Іэщ1агъэлІхэр къыщІагъэкІыу, иджырей зэманым къитІасэу щытын хуейщ», - жиІащ Тхьэкіэцунэм.

Республикэм къелыжащ юристхэмрэ экономистхэмрэ, ауэ дохутырхэр и машІэщ. Абы къыхэкІыуи я мурадщ Мейкъуапэ къэрал технологие университетым медицинэ факультет къыщызэІуахыну.

ЗэІущІэ нэжьым университетым и ректорым Тхьэкіэцунэм Аслъэнджэрий иритыжащ «Кавказ» орденыр. Адыгейм и Президентым ар къыхэкІыгъэ Іэщ1агъэлІ къэрал дамыгъэхэр тыныжкІэ Дунейпсо палатэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Унэтіыныгъэ нэхъыщхьэ

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ махуэ зыбжанэкІэ щыхьэщІащ ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Акедемием Этнологиемрэ антропологиемкІэ и институтым и лэжьакІуэ Ярлыкапов Ахьмэд. Ар яІущІащ экономико-правовой лицейм и студентхэм, Къэрал лъэпкъ библиотекэм и лэжьакІуэхэм, МВД-м и лІыкІуэхэм. Ар лекцэ кьеджащ къэралымрэ дунаймрэ я зэхущытыкІэхэм теухуауэ.

Дыгъуасэ Сабийкэмрэ щІалэгъуалэмрэ я творчествомкІэ республикэ центрым щекІуэкІа зэхуэсым, ди республикэм и къалэхэм, районхэм дин Іуэхуэм телажьэу щІэІэ комиссэхэм я унафэщІхэр зыхэтам, щІэныгъэлІыр зыубгъуауэ щытепсэльыхьащ ислъам диныи и зыужькІэм, абы и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм, суфийхэм, салафитхэм, зэхьхьэбитхэм, нэгъуэщІ гупхэми я шыфэлІыфэхэм.

Зэхуэсыр иригъэкІыжащ КБР-м ЩІалэгъуалэ, жылагъуэ ІуэхуэхэмкІэ и къэрал комитетым и лэжьакІуэ Мыкъуэжь Арсен.

ШЭДЖЭМОКЪУЭ Мурадин.

● Дыгъуасэ

Щы Іуэхухэм ятеухуауэ

Мэлыжьыхьым и 1-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал властым и органхэм, республикэм и кьалэхэм-рэ куейхэмрэ я администрацэхэм, КъБР-м и АПК-м и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и рескомым я лІыкІуэхэр, республикэм мэкъумэшхэкІэмрэ Іэщхэкіэмрэ кьыщызылэжьхэр хэту Налшык зэІущІэшхуэ щекІуэкІащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БалъкъэрРеспубликэм щІым ехьэлІауэ щІэІэ зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэным, кьуажэдэсхэр ІэнатІэкІэ кьыззэгъэпэщыным теухуауэ доклад ищІащ мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ министр **Ерчэн Темболэт.**

ЗэІущІэм кьыщыпсэльащ КъБР-м и АПК-м и лэжьакІуэхэм я профсоюзым я рескомым и унафэщІ **Бесльэней Чэмал,** "Альп" мэкъумэшыщІэ-фермер хэзэгъэным и Іэтащхьэ **Ахьуэбэч Анзор,** Болэтэ кьуажэм щыщ бэджэндырылажьэ **Дадэ Хьэмытіэ,** Дзэлыкъуэкъуажэ жылагъуэм и бэджэндырылажьэхэм я зэгугъэныгъэм и унафэщІ **Жырыкъ Алик,** КъБКъМА-м и профессор **ГъукІэжь Владимир,** Лэскэн куейм и администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Мэкъуауэ Арсен,** республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щІыупсэныр къэгъэсэбэпынымкІэ я комитетым и унафэщІ **Несутулов Виктор,** нэгъуэщІхэри.

Абыхэм зэпкърахащ ди республикэм и фыгъуэ нэхъыщхьэр - щыр - зехьэным, абы хьер нэхъыбэ кьыпыхьным екьэлІа Іуэхуэхэр. ЗэІущІэм кьрикІуэхэр зэхэлъхьэжащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ **Чеченов Ануар.**

ЗэІущІэм кьыщащтащ ІэнатІэр сыт и лъэныкъуэкІи егъэфІэкІуэным теухуа чэнджэщэр.

ЗЕЙ Гъузер.

● ПсапащІэхэр

Зеиншагъэр зыхамыщІэн папщІэ

Уи мыльку хьэлэлым псаиэ хэпщІыкІыныр игьащІэми кьыддекІуэжькІ лъэпкъ хабзэщ. А Іуэхугъуэм и мызэхэр нэхьри ин мохьу, ар сабий зеиншэхэм щахъуэпсІам деж. Апхуэдэу «Внешторгбанк» ОАО-м Налшык щиІэ кьудамэм ильэс кІуам и кІэм мурад ищІауэ щытащ зи адъэ-анэр зыщыхьэщымытыж, балигъэхэм я нэІэм щІэмыт сабийхэр щапІ, щрагъаджэ Іуэхущ1апІэхэм мылькукІэ защІигъэкъуэну. Тхьэмахуэ кІуам ащхуэдэ сабий Іуэхущ1апІэхэу 5-м я счетым сом мини 100 зыриІ ВТБ-м я яхуэхильхьащ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ щыщу ахъшэр яІэрыхьащ Шэджэм куейм хыхьэ Нартан къуажэм дэт школ-интернат №5-м, Бахьсэн куейм и Крем-Константиновскэ жылэм дэт школ-интернатым, зи зыужьныныгъэкІэ адрейхэм кьакІэрыху сабийхэм я Унэинтернату Налшык щылажьэм. ВТБ-р зыдэІэпыкъуа адрей сабий Іуэхущ1апІи 2-р ди гъунэгъу Осетие Ищхъэрэ-Аланием щыщщ. Ахэр «Викторие» еджапІэмрэ медико-социальнэ дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ сабийхэм щадзлажьэ центрымрэщ. Зи щІэ кьытІуа интернатхэм, сабий унэхэм я унафэщІхэм зэрыжаІамкІэ, ВТБ-м кьаугъэхьа мылькур абыхэм трагъэкІуэдэнущ щІыкІуэхэр щыпсэу, щеджэ пэщхэр зэпэщІ щІыным, зеиншагъэр зыхамыщІэн папщІэ, унагъуэм щапІ сабийхэм яІэ псэукІэм ещхь абыхэми кьахуэзгъэпэщыным.

Гулыытэ зыхуащІа Іуэхущ1апІэхэм я лІыкІуэхэм фыщІэ ин хуащІащ «Внешторгбанк» ОАО-м Налшык щиІэ кьудамэм и унафэщІ Урысмамбэт Валерэ. «Фи псапэр куэд ухъу, сабий зеиншэхэм папщІэ фи мыльку хэфха сомыр бэгъуауэ Тхьэм кьывбгъэдилъхьэ», - апхуэдэ щІалэ гуэрхэмкІэ ахэр екъуэхъуащ Урысмамбэтымрэ абы и ІэщІагъэлІхэмрэ.

УЭСМЭН Марин,
КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

● Май куей

ІэнатІэщІэхэр къызэІуах

Май къалэм гъущІ пкъыгъуэхэр щызэпкъралъхьэу дэт заводыр хабжащ сыт и лъэныкъуэкІи зызыужьа предприятэхэм.

НОБЭ Іуэхущ1апІэм цехитІ егъэлажьэ. Зым гъущІыкІэ лІэужьыгъуэхэр щызэхадз, заказчикхэм я лъэІум тету ахэр яугъуэн, зэкІрагъавэ, хьэзыр ящІа пкъыгъуэхэр ялэж. Мыбы и Іуэхутхьэбзэр нэхъыбэу кьаІэсэфэп джэдкьэд фермэ зыуухуэхэм. ЕтІуанэ цехым кьыщІигъэкІ гъущІхэкІым щІэупщІэ щиІзщ автомашинэ псынщІэхэм япкърыльгъуэ зэІыхьаехэм щелгэжьыну, щащ автоцентр кьыззэзыгъэпэщхэм я деж.

Заводым кьыщІитэкІыр Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэ псоми ирагъашэ. Ар мэлыжьыхь мазэм кьриубыдэу елэжьынущ гъущІ пкъыгъуэ зэмылІэужьыгъуэу тонн 300-м нэблагъэм. Ильэсыр нухьу а къыгъэр тонн 1000-м нагъэсыну, иджырей Іэмэпсымэхэмрэ станокхэмрэ кьащэхуну я мурадщ. Заводым епІэщІэкІыу еухуэ иджыри цехитІ. Ахэр гъэмахуэм и кІэхэм ирихьлІэу яутІыпщынущ. Абы Іэмал кьаритынущ нобэ ягьэлажьэ щІыкІу 80-м и пІэкІэ 200 ІэнатІэкІэ кьызэрагъэпэщыну.

ШЭРЭДЖ Дисэ.



Буш хуосакъ

США-м и президент Буш Джордж Киев щрагъэбгъэщащ хьэщІагъэщхуэ ирахыу.

Ямрэ щІыкІэ абырэ Украинэм и президент Ющенкэ Викторрэ езыхэм я закъуэу зэпсэльащ, иужькІэ зэІущІэм хьыщащ ІэныкъуитІми я нэгъуэщІ къулыкъущІэхэр. Фигу хуащІыкІыжьынщи, Вашингтон Киев къигъэгугъащ Украинэр НАТО-м хьыхьнымкІэ дэІэпыкъуну. Ауэ ар къэралым щыпсэухэм я нэхъыбэм ядэрэкъым. Абы къыхэкІыу хуабжьу сакъын хуей хъуащ. Киев и уарам нэхъыщхьэхэр зэхуащІащ. Уеблэмэ щІыхуэхэр мэшынэ балконхэм ихьэн: Буш и щхьэхъуэмэхэм унафэ хуащІащ щэч зыхуащІ дэтхэнэ цІыхуми еуэну.

ГъэрыпІэм къикІыжахэр

Пензэ областым аргуэру хуит къыщыхъужащ дунейр къутэжьыным пэплъэу нэгъабэ и щэкІуэгъуэм щІыуэнэхэм ящыщ зым зыщызыгъэпэщкІуэ дин сектантхэм яхэта зы гуп.

Дунейм кьытехьэжащ сабиитіи яхэту щІыху 14. Хабзэхъуэмэхэр хуабжьу гугъу дохь адрейхэр щІы щІагъым къыщІэшыжьыным: гъэрыпІэр кьыхэзыхахэм жаІэ кьарикІэ яужь зэрихьэу загъэсыжьыну.

Дунейр щыкъутэжьыну зытраІуэр накъыгъэ мазэрщ. Арщхьэкіэ щІыхуэ къэгъэпщІагъуэафІэхэр зыгъэжжьхуами ар езым и фІыщ хуэхуэ къыщІэкІынукъым. Ар зыщІышынэр зыщ: къыщІэкІмэ, жэуапым зэрыразшэІэнурщ.

Зы илъэс закъуэ

Иджырей гъатхэм урысемидзэм ирадджэнущ ныбжьыщІэхэр мини 130-м щигъу.

Ямрэ дыдэу дзэм кьулыкъу зэрыщащІэнур зы илъэс закъуэщ. Хуейхэм пащэ хъунущ контракткІэ.

ТІури псэущ

Байкал ЩІыб крайм и прокуратурэм зэрыщыщІэкІ, зэман зыбжанэ и пэкІэ мыбы щыдыгъуэ сабийхэр - Кириллрэ Давидрэ - псэущ.

ЖаІэ хэуар Чита къалэм щалъэгъауэ. Хабзэхъуэмэхэм щІагъэхуэбжащ щІалэ цІыкІуэхэр къэлъэныъуэным теухуа лэжьыгъэр.

Проценти 7,5-кІэ хохъуэ

Мэлыжьыхьым и 1-м къыщыщІэдзауэ урысей мелуан 36-м щигъум я страховой, нэгъуэщІ пенсэ ліэужьыгъуэхэм псори зэхэту проценти 7,5-кІэ хуагъэхъуащ.

Псом хуэмыдэу ар зыхащІэнущ Совет Союзым, Урысейм я ЛІыхъужьхэм, Социалист Лжьыгъэм и ЛІыхъужьхэм, зауэ Іэнатіэм ирагъэпща щІыпІэхэм щыІахэм, лэжьыгъэм и ветеранхэм.

(ИТАР-ТАСС).

Нюбэ

◆ **Сабий тхьылъым и дунейпсо махуэщ.** Данием и тхакІуэ цІэрыІуэ Андерсен Кристиан Ханс (1805 - 1875) кьыщалъхуа махуэр ягъэльапІэ.

◆ Мы махуэм (1996) Урысеймрэ Белоруссиемрэ я президентхэу Ельцин Борисрэ Лукашенкэ Александрэ Іэ тradзащ Урысейм-рэ Белоруссиемрэ я Сообществэ (1997 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м кьыщыщІадзауэ Урысеймрэ Белоруссиемрэ я Союз хьэрыгъуэ кьызэрагъэпэщыным теухуауэ зэращІыпІэ зэгурыІуэныгъэщ) кьызэгъэпэщыным теухуа зэгурыІуэныгъэм. Къэралитым я Іэтащхьэхэм я унафэкІэ мы махуэр гуфІэгъуэу ягъэуващ. Урысейм ар лъэпкъэр зэкъуэгъуэзвэным и махуэу щагъэльапІэ.

◆ Илъэси 165-рэ и пэкІэ (1843) композитор Мендельсон Феликс Лейпциг къыщыдэІуихащ Германием щыяпэ консерваториер.

◆ Илъэси 120-рэ и пэкІэ кьалъхуащ совет тхакІуэ, Социалист Лжьыгъэм и ЛІыхъужь Шагинян Мариэтэ (1888 - 1962).

◆ 1948 гъэм тхакІуэ КІэрашэ Тембот СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат хъущ.

◆ **Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 57-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъи 10-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъущ сыхьэт 13-рэ дакьикъи 6-рэ.**

ПлІанэпэр зыгъэхьэзырар ЩАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гъатхэм махуэ лей хэткъым.

● КъБР-м и законхэр къыдэзыгъэкІ и органыр илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу

Хабзэр ягъэпажэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым парламентаризмэр зэрыщызэтеувэрэ илъэс 70 зэрырикъум зыхуэгъэхьэзыныныкІэ яубзыхуэ Іуэхухэм япкъ иткІэ, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм, КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министерствэм ящІыгъуэ республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкІэ, узынщагъэр хъумэныммкІэ и комитетым еджакІуэхэмрэ студентхэмрэ я республикэ зэпеуэ ирегъэкІуэкІ мы къыкІэлыкІуэхэр къыхэхьыным теухуауэ:

курыт еджапІэхэм къыщыізэрагъэпэщ «Хабзэр зи лъабжьэ къэрал дохуэу» гъэлъэгъуэныгъэ зэхьыфІыр;

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и органым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм теухуа щІэныгъэ къэхутэныгъэ нэхьыфІыр;

«Хуитныныгъэ - фІыгъуэмрэ захуагъэмрэ зэгъэкІуныгъэ» - журналист лэжьыгъэ нэхьыфІыр;

«Закон нэхъыщхьэр - щІыхуэхэм я Іуэхуэр дэгъэкІыныгъэ» сочиненэ нэхьыфІыр;

зи хуитныныгъэхэмрэ къалэмэр нэхьыфІу зыщІэхэр гъэбелджылыным теухуа «ЩІыхум, гражданиным и хуитныныгъэхэмрэ щхьэхуитныныгъэмрэ» эпеуэр;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм парламентаризмэм зэрызыщижьыр» доклад (щІэныгъэ лэжьыгъэ) нэхьыфІыр;

«Законымрэ хуитныныгъэмрэ» сурэт нэхьыфІыр.

Зэпеуэхэр ирагъэкІуэкІ къэралым и хабзэхэр хэІущІыпІ щІын, республикэм и еджапІэхэм щІэс еджакІуэхэм, студентхэм, щалэгъуалэм я правовой зэхэщІыкІым зегъэужьын мурадкІэ. Зэпеуэхэм хэт хъунущ КъБР-м и еджапІэхэм я еджакІуэхэмрэ студентхэмрэ.

Зэпеуэхэр Іыхьищу зэпыудауэ ирагъэкІуэкІынущ. 2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м щыщІэдзауэ накьыгъэм и 20-м нэсыху (яп Іыхьэр) еджапІэхэм къыщыхахынущ аджкІэ зэпеуэхэм хэтынуэр. ЕтІуанэ Іыхьэр - район (къалэ) зэпеуэхэр - щекІуэкІынур фокІадэ мазэрщ. Абыхэм щытекІуауэ къалыта лэжьыгъэхэр ещанэ (республикэ) Іыхьэм хэтын папщІэ ирагъэхьынущ икІи абыхэм эксперт советэр тепсэльыхьынущ жэпуэгъуэм и 6-9-хэм. Эксперт советэм я унафэхэр протоколу ятхыжу конкурсхэр езыгъэкІуэкІ къэзэгъэзэпащІэкІуэ комитетым 2008 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м нэсыху иратын хуейщ.

Эксперт советэм я протоколхэм япкъ иткІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым унафэ къещтэ теухуахэмрэ нэхьыфІхэм хабжаехэмрэ «Республикэ зэпеуэм и лауреат» щІэр яфІэщыным, еджапІэ нэхьыфІхэм, кьыхэжаныкІа еджакІуэхэмрэ студентхэмрэ, абыхэм я унафэщІхэм дипломхэр етыным теухуауэ. КъызэгъэпэщакІуэ комитетым, абы и дэІэпыкъуэгъу Іуэхущ1апІэм, спонсорхэм теухуахэмрэ нэхьыфІхэм ящыщу къальытахэмрэ зэрагъэгушхуэн нэгъуэщІ Іэмалхэри къагъэсэбэп хъунущ.

Зэпеуэм и екІуэкІыкІэм нэхъ кууэ щыгъуэгъэ зыщІ хъунущ 42-49-16, 40-45-26 телефонхэмкІэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Май муниципальнэ районым и щыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэкIыну комиссэм хэтхэр гъэбелджьылыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щыпIэ самоуправленэ къыщыдзэгъэпэщыныжькIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Iуэхущ1э» Федеральнэ законым и 37-нэ статьям и 5-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымунафэ **ещI**:

1. Май муниципальнэ районым и щыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэкIыну комиссэм хэтхэр:

Бердюжэ Владимир Иван и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр, Май муниципальнэ районым щыщ «Ленинны» мэкъумэщ кооперативым и унафэщIэр

Власов Александр Алексей и къуэр- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм хэтэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэщым и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетым и унафэщIэр

Шипов Владимир Анатолий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымрэ щIыуэпсыр къагъэсэбэпынымкIэ и министрыр

2. Къыру имыIэжу къэзытэн «Май муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIыныжьыкIэ комиссэм хэтхэр гъэбелджьылыным и Iуэхукъ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-м кьищтэ Унафэ №901-П-П-м.

3. Мы Унафэр Май муниципальнэ районым и щыпIэ самоуправленэм и Советым хуегъэзыкIын.

4. Мы Унафэм къару егъуэт кьищащта махуэм щыщIэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ! БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№1367-П-П

Прохладнэ муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIыныжьыкIэ комиссэм хэтхэр гъэбелджьылыным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щыпIэ самоуправленэ къыщыдзэгъэпэщыныжькIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Iуэхущ1э» Федеральнэ законым и 37 статьям и Iыхьэ 5-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымунафэ **ещI**:

1. Прохладнэ муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIыныжьыкIэ комиссэм хэтхэр:

Власов Александр Алексей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм хэтэр кьулыкъум, кадрхэм, щIыпIэ самоуправленэм и IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIэр

Говоров Сергей Анатолий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр, Прохладнэ муниципальнэ районым Петровка и щIэж щIыпIэ колхозым и тхьэмадзэр

Къуэшырокъуэ Залым Съэрэщей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ суд органхэмрэ щыIэр.

2. Къыру имыIэжу къэзытэн «Прохладнэ муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIыныжьыкIэ комиссэм хэтхэр гъэбелджьылыным и Iуэхукъ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2006 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м кьищтэ Унафэ №856-П-П-м.

3. Мы Унафэр Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыпIэ самоуправленэм и Советым хуегъэзыкIын.

4. Мы Унафэм къару егъуэт кьищащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ! БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№1368-П-П

Тэрч муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIыныжьыкIэ комиссэм хэтхэр гъэбелджьылыным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щыпIэ самоуправленэ къыщыдзэгъэпэщыныжькIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Iуэхущ1э» Федеральнэ законым и 37 статьям и Iыхьэ 5-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымунафэ **ещI**:

1. Тэрч муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIыныжьыкIэ комиссэм хэтхэр:

Абаза Руслан Исмел и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЗаконодательствомкIэ, кадрхэмкIэ, щIыпIэ самоуправленэм и IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIэр

Власов Александр Алексей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм хэтэр кьулыкъум, кадрхэм, щIыпIэ самоуправленэм я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIэр

Къуэшырокъуэ Залым Съэрэщей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ суд органхэмрэ щыIэр.

2. Къыру имыIэжу къэзытэн «Тэрч муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIыныжьыкIэ комиссэм хэтхэр гъэбелджьылыным и Iуэхукъ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2006 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м кьищтэ Унафэ №857-П-П-м.

3. Мы Унафэр Тэрч муниципальнэ районым и щIыпIэ самоуправленэм и Советым хуегъэзыкIын.

4. Мы Унафэм къару егъуэт кьищащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ! БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№1369-П-П

Аруан муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIыныжьыкIэ комиссэм хэтхэр гъэбелджьылыным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«УрысейФедерацэм щыпIэ самоуправленэ къыщыдзэгъэпэщыныжькIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Iуэхущ1э» Федеральнэ законым и 37 статьям и Iыхьэ 5-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымунафэ **ещI**:

1. Аруан муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIыныжьыкIэ комиссэм хэтхэр:

Созий Натбий Мухьэмэд и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэр

Власов Александр Алексей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм хэтэр кьулыкъум, кадрхэм, щIыпIэ самоуправленэм я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIэр

Къуэшырокъуэ Залым Съэрэщей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ суд органхэмрэ щыIэр.

2. Къыру имыIэжу къэзытэн «Аруан муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIыныжьыкIэ комиссэм хэтхэр гъэбелджьылыным и Iуэхукъ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2006 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м кьищтэ Унафэ №858-П-П-м.

3. Мы Унафэр Аруан муниципальнэ районым и щIыпIэ самоуправленэм и Советым хуегъэзыкIын.

4. Мы Унафэм къару егъуэт кьищащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ! БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№1370-П-П

Шэджэм муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIыныжьыкIэ комиссэм хэтхэр гъэбелджьылыным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щыпIэ самоуправленэ къыщыдзэгъэпэщыныжькIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Iуэхущ1э» Федеральнэ законым и 37 статьям и Iыхьэ 5-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымунафэ **ещI**:

1. Шэджэм муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIыныжьыкIэ комиссэм хэтхэр:

Власов Александр Алексей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм хэтэр кьулыкъум, кадрхэм, щIыпIэ самоуправленэм я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIэр

Жанатаев Сэлим Алий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIэр

Къуэшырокъуэ Залым Съэрэщей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ суд органхэмрэ щыIэр.

2. Къыру имыIэжу къэзытэн «Шэджэм муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIыныжьыкIэ комиссэм хэтхэр гъэбелджьылыным и Iуэхукъ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-м кьищтэ Унафэ №902-П-П-м.

3. Мы Унафэр Шэджэм муниципальнэ районым и щIыпIэ самоуправленэм и Советым хуегъэзыкIын.

4. Мы Унафэм къару егъуэт кьищащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ! БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№1371-П-П

Шэрэдж муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIыныжьыкIэ комиссэм хэтхэр гъэбелджьылыным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щыпIэ самоуправленэ къыщыдзэгъэпэщыныжькIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Iуэхущ1э» Федеральнэ законым и 37 статьям и Iыхьэ 5-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымунафэ **ещI**:

1. Шэрэдж муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIыныжьыкIэ комиссэм хэтхэр:

Власов Александр Алексей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм хэтэр кьулыкъум, кадрхэм, щIыпIэ самоуправленэм я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIэр

Къуэшырокъуэ Залым Съэрэщей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ суд органхэмрэ щыIэр

Уянаев Борис Биязулъ и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр, Урысей Федерацэм Мэкъумэщ хозяйствомкIэ и министерствэм и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президент Къуэдзэ В. М. и щIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ академие» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIагъэсыгъэ и федеральнэ къэрал еджапIэм и ректорым и дзIэныкъуэгъуэ.

2. Къыру имыIэжу къэзытэн «Шэрэдж муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIыныжьыкIэ комиссэм хэтхэр гъэбелджьылыным и Iуэхукъ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2006 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м кьищтэ Унафэ №860-П-П-м.

3. Мы Унафэр Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыпIэ самоуправленэм и Советым хуегъэзыкIын.

4. Мы Унафэм къару егъуэт кьищащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ! БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№1372-П-П

Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIыныжьыкIэ комиссэм хэтхэр гъэбелджьылыным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм щыпIэ самоуправленэ къыщыдзэгъэпэщыныжькIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Iуэхущ1э» Федеральнэ законым и 37 статьям и Iыхьэ 5-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымунафэ **ещI**:

I. Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIыныжьыкIэ комиссэм хэтхэр:

Власов Александр Алексей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм хэтэр кьулыкъум, кадрхэм, щIыпIэ самоуправленэм я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIэр

Къуэшырокъуэ Залым Съэрэщей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ суд органхэмрэ щыIэр.

Темукуев Абдул-Хьаким Салихь и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр, «Эльбрус пассажир автотранспорт зэгухьэныгъэ» муниципальнэ предприятэ зэгуэтым и унафэщIэр.

2. Къыру имыIэжу къэзытэн «Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур кьыхэхьныжьыкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIыныжьыкIэ комиссэм хэтхэр гъэбелджьылыным и Iуэхукъ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2006 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м кьищтэ Унафэ №861-П-П-м.

3. Мы Унафэр Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ самоуправленэм и Советым хуегъэзыкIын.

4. Мы Унафэм къару егъуэт кьищащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ! БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№1373-П-П

● КъБР-м и Парламентым

Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр

Ди газетым зэрытетащи, гъатхэпэм и 20-м екIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэм я firи чэзуэ зэхуэс. Республикэ гъащIэм и лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьыдэщIэхьыбыдэ упщIэ 30-м нэблагъэ кьыщаIэта зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Ярин Андрей.

ЯПЭ IУ ЭХУГЪУЭУ депутатхэр зыбылIужьыгъуэхэм теухуа упщIэхэрэр. Абыхэм дзыгъащ зэхуэсым и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм хэтэр кьулыкъур хуагъэфащэу кьагъэльэгъуэ **Атакуев Руланр** (Май районым и 2-нэ суд Iуэхущ1апIэ) **Газаев Хьэдисрэ** (Iущхьэмахуэ районым и 2-нэ суд Iуэхущ1апIэ). Арэуэдэу парламентархэм ягъэбелджылащ Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр зэрэзэ мардэм тету кьыхэхьныжьыкIэ кьэпщытакIуэ гупым хэтхэр. Абы хагъэхьащ КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я лыкIуэу Парламентымрэ суд Iуэхущапlэхэмрэ щыIэ **Къуэшырокъуэ Залым**, КъБР-м и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым и унафэщI гупым ящыщ **Бабаев Хьусей**, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэ **Власов Александр** сымэ.

Урысей Ипщэ Парламент Зэгухьэныгъэм экономикэ политикэмрэ бюджетымкIэ и комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лыкIуэу хагъэхьэну **Ахьуэхьу Къанщобий** (БюджетымкIэ, налогэхэмкIэ, финансымкIэ КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщI) папщIэ депутатхэм зэдзэрэзэуэу Iэ яIэтащ.

Адэжь парламентархэр хэпльащ икIи кьащтащ законопроект 13-м щIигъу. Псальэм папщIэ, етIуанэ къеджэгъэжьI кьащтащ 2007-2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ Программэм, зи ныбжь иримыкъуахэм гулытэ яхуэщIыныжькIэ, япэ игъэщIупхъэхэмрэ абыхэм я зэфIэхыкIэмрэ, зи ныбжь иримыкъуахэм я Iуэхукъ» муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ щыпIэ самоуправленэмкIэ я Iэнатlэхэм къэрал хуитыныгъэхэр етыным ящуха законопроект хэр. КъБР-м и Президентым кьыхьилъхьа а IуэхугъуэхэмкIэ къэпсэльащ ЕгъаджэныгъэмкIэ, щэныгъэмкIэ, уэныщагъэ хуымэныкIэ Парламентым и комитетым и унафэщым и къуэдзэ **Дадэ Суфэдин**.

2007-2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ Программэм щхьэхуэу и гугъу ящIащ, абы и кьалэн нэхъыщхьэр, экономикэ зыужьыныгъэ зэпIэзэрытымрэ промышленностым и кьудамэ зэмылIэужьыгъуэхэм зегъэужьгъуныкъуэ и лъабжьэу, республикэм и щIыхь-кIыхь я псэукIэр егъэфIэкIуэнущ. Программэм зэрэщIыгъуу программэхэм зи гугъу ящIыр кьыхэзыщIыщыкIэр кьагъэльэгъуэ пIалъэ кIыхьымрэ абы кьриубыдэу яубзыхуэ мыльку зэхуэсым и Унафэщым нэхъыбэну Iэмал кьаэзэрыгтырщ. Программэм япэ ригъэщIуэкIуэгъуэхэм щыщщ псэун папщIэ зыху еинуэхэр кьуэщIэмыкIыу хэхъуэ ящIэ дыдэ фIэкIа зиныкIэ щIыгъуэ. Абы Iуэхум зегъэхъуэ ящыныгъэмкIэ и милицым и унафэщI кьулыкъур пIальэкIэ щIегъэкIуэ. Абы кьыхихьащщ щIэпхъаджагъэ зылэжьауэ кьыщIагъащхэм я нэхьыбэр хэхъуэ зимыIэжэм, лэжьапIэшэхэм зэращыщыр. Апхуэдэу а Iуэжмкlэ Парламент гъуэгум кьыщыхьащ УФ-м и МВД-м Жылагъуэ щынагъэншагъэмкIэ и департаментым и унафэщI **Недосейкин Сергей** икIи гу зылъытатхъэу кьиныгтащ ижькерей зэманым и Iуэрахьэм щалэжь щIэпхъаджагъэхэр хуэдиплкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыхъэхуар, милицэм и участкоу Iу ящIапIэхэр тэмэму кьыхэзыщIыгъ.

Депутатхэр хэпльащ икIи япэ-етIуанэ къеджэгъуэнкIэ кьащтащ КъБР-м и хабзэуфIыкIэ зэхьуэжьныгъэхэр. Абыхэм хиубыдащ «Сабий-щалэгъуэлэ, студент спортым теухуа» законопроектыр. Ар кьыхихьащ Щэнхабзэмкlэ, спортымкIэ, туризмэмкIэ, хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ Парламентым и комитетым.

Парламентархэм гульытэ зэхьыбэ хуащIу, япэ ригъэщIуэ зыхэлIпхъ Iуэхугъуэхэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыху щхьэхуэхэу кьаращыхьэ и дзэпIыкъуэгъу зэуныкIуэхэм защIэгъэкIуэным теухуауэ» законым и проектыр. КъБР-м и Президентым кьалэнхэмрэ унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ, парламент кьэпщытэныгъэр щекIуэкIкIэ, абы хэзыгъэ кьызытехуэхэм (кьурыкIыкIыщIэхэм цIыху кьызэрыгъэкIми) я пщэрылъэр яубзыхуауэ.

Парламентархэр зытепсэлъыхьа Iуэхугъуэхэм щыщщ КъБР-м и кьэрал мылькум щыщ обжект зыбжанэ ящIа округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ етыным теухуар. Зи гугъу яIащар Хьэсэней кьуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэр, Налшык кьалэ и курыт еджапIэхэм щыщ зыр, Бахьсэн кьалэ щыIэ сабий гъэсапIэ-курыт еджапIэ Iуэхущапlэр, Кьубэ-Тэбэ кьуажэ школыр, Бахьсэн муниципальнэ районым хьихэ Iсльэпкъ-Iуэхугъуэхэм дзэ сабий гъэсапIэ-курыт еджапIэмрэ 1-нэ курыт еджапIэм кьыгуащIыхьыжьмрэ, Гундэлэн, Балькъэр Ипщэ кьуажэхэм щыIэ сабий гъэсапIэ-курыт еджапIэхэр. Абыхэм теухуауэ кьэпсэльащ КъБР-м и къэрал мылькур зегъэкIуэ-кьурыт еджапIэхэмрэ щыIэ Iуэхущапlэм я лэжьыгъэ-зэхьэзыгъэ кьызэщIэзыкъ. Нэхьапсэльэныгъэхэм. Цыхум и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномочениу КъБР-м щыIэ Зумакулов Борис ирихьэкIэ Iэнатlэм и кьызэгъэпэщыкIэрэ эффикъ лэжьыгъэ щыIэ тепсэльыхьым жиIащ ильэс кIуам и фокIадэ-дыгъэгъазэ мазэхэм кьриубыдэу цыхухэм зэрызыкьызыгуабзэ тхыгъи 154-м зэрыэпIлъар. Зумакуловым жиIам пэдгъэжьу Бечелов Ильяс кьыхигъащIагъ зи гугъу ящI жылагъуэ Iэнатlэр ди республикэм щызэтеувауэ кьызэрилытэр.

КъБР-м и Парламентым хиубыдэу щыIэ Щалэгъуэлэ палатэм хэтхэмрэ абы хальхьэну зэхъуэжьныгъэ зэрэ теухуауэ кьэпсэльащ Щэнхабзэмкlэ, спортымкIэ, туризмэмкIэ, хьыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ Парламентым и комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур** Щалэгъуэлэ палатэм хагъэхьэнухъэмкIэ нэхъ ижькIэ зыхэпIлъэхэм я лыкIуэу Прохладнэ кьалэм щыIэ «Кьалэм и кьэзакъ жылагъуэ» зэгухьэныгъэм кьиргэльэгъуэ Котляровэ Анна Виктор и пхьэр хагъэхьэну Iэпщэм кьыщихихььхэм, депутатхэм зэдзэрэзыуэ Iэ яIэтащ. Апхуэдэу абыхэм кьащтащ Москва и Кьалэ Думэм и депутатхэм зэрызыхуагъэзащ тхыгъэ. КъБР-м и парламентархэр егъэпIейтей лъэпкъ лъагъымыхьныгъэр и лъабжьэу иужьрей зэманым Москва щIэпхъаджагъэ куэд дыдэ кьызэрыщыхьымрэ ди щIыпIэм щыщ щIалэгъуэлэу кьалащхьэм щыIэхэм насыпыншагъэшхуэхэр кьаэзэрыхихьымрэ. А псом и щIыпIэкIи хабзэхьэмэ Iэнатlэхэм апхуэдэ Iуэхугъэ уэрамым кьыщыхьху кIуейбгъуэ фIэкIа зэрамылытэр. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэдэхэр къэрал зэхэтыкIэм кьыхэзрегъэтIасхьэр.

Адэжь депутатхэм зэдзэрэзыуэ Iэ яIэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и Федерацэм Зэхуэсым и Щыхь тхылъыр депутатхэу **Жэрыкъуэ Борисрэ Чеченов Хьэсэнрэ** иратыну кьагъэльагъуэу.

ЗэIущIэм хэту екIуэкIа «пратегиятIэтэ сыхьэтIэхэм» кьыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьудзэдэ **Тхьэзэплъыкъ Мурат**.

Ар тепсэльыхьащ КъБР-м и Президентым 2007 гъэм Парламентым Зэрыщыхуигъэзам и гъэзащIэкIэмрэ гу зылытатхъэхэмрэ. Тхьэзэплъыкъым зи гугъу ищIа Iуэхугъуэхэм кьыпищу кьыпсэльащ Парламентым и Унафэщым и кьудзэдэ **Бозий Натбий**.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

● Тэрч куей

ЕджапIэм зрагъэужь

ДЖЫЛАХЪСТЭНЕЙМ хьыз Инарыкъуей кьуажэм кьыщызыIуэкIа курыт еджапIэщIэм 2008 гъэм кьыпащIыхьынущ щыхуи 150-рэ зыщIэхуэну актовэ пэщыщхъэ, спорт зал, яубзыхуныщ стадиони. А псоми текIуэднущ сом мелуан 21-рэ. «Къэббалъкъэремстрой» УхуакIуэ управленэращ ахэр зэфIэзыгъэкIыр.

Школым пащIыхьыжьхэр гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу яухуну я мурадщ.

ЛЬОСТЭН Музэ.

● Сурэтым къеIуатэ

«Адыгэ псалъэ» газетым и сурэттех Къарей Элинэ кьащIалъхуари, щыпсэури Налшык къалэщ, ауэ Абхъаз Республикэр апхуэдизкIэ зыпищI щыIэкъыми, зыпищI щыIэ хьунущ.

Элинэ 2004 гъэм щегъэжьауэ ильэс кьэс Абхъазым зыщегъэпсэжу. Ауэ абдеж кьыщынэрыкьым абы ди къуэш республикэм хуиIэ пщыщныгъэр. Абхъазхэмрэ абыхэм я щIыналъэмрэ текуауэ гъэкIуэдыжащ адыгэ пащащэм, абы зэхуэхьэсащ «псэм и пхьэкIэ» кьыхэхьэ хьэпшып куэди. Элинэ щылажьэ пэшым щыфIэдзащ Абхъаз Республикэм и бэракьыр, абы и щIыпIэ зэхуэмыдэхэр кьыхэзрыщ сурэт куэди и архивым щекIуэмэ.

Иджыблагъэ АР-м и Президент Бэгъэлэ Сергей куржы-абхъаз зауэм хэкIуэда адыгэ щIалэхэм я анэхэм яуIэну Налшык кьэжьа ат. Абы сурэт трихьи хуейу я редакцэм щигъакIуэм, Элинэ зыхуигъэхьэзырат и «хэку етIуанэм» и Тхьэмадзэм зэрыщIэнэм. Абхъазым я ныпыр зытет бгъэхэIу цыкIур хэльу Президентым бгъэдыхьэу зэгъэсу сурэт зытрагъэхьину щельэIуи, Бэгъэлэ Сергей и гуапэу кьыбгъурыуваращ Элинэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Лъэпкъ проект

ЛэжьакIуэхэм я узынщагъэм кIэлъыплъыным къэралым тригъэкIуадэ ахъщэм хегъахъуэ

Министр Бицу Вадим.

гъэм папщIэ сом мелуан 13,1-рэ хуэгтыпщащ.

2008-2009 гъэмэ ахъщэ зэратыну щыкIэр япэкъэш хуэдэу фIэкIа зимыIэ медицинэ страховани и федеральнэ фондым и бюджетым кьыхах ахъщэр щыналъэ фондым кьыIэрохъэ икIи ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм теухуауэ узынщагъэр хуэмэным и Iуэхущапlэхэм кьата реестрхэм япкъ иткIэ а ахъщэр трагъуэшэ.

- Диспансеризацэ егъэкIуэкIыным сыт хуэдэ дохутырхэра хэлэжьыхьыр. сыт хуэдэ анализхэр ирагъэтх?

- Диспансеризацэр езыгъэкIуэкIэм яхэтщ терапевт, акушер-гинеколог, невролог, уролог, хирург, офтальмолог, эндокринолог. ЛIэужьыгъуэ хуэдэу, диспансеризацэм хиубыдэу ирагъэкIуэкI кьэпщытэныгъэм ящыщщ электрокардиографиер, флюорографиер (ильэсэ 2 кьэс зэ), маммографие (ильэс 40-м щIигъуа нэужь - ильэсэ 2 кьэс зэ). Абыхэм кьадэкIуэу кьапщытэщ хуеиц льым, лымытхъэм, нэгъэщIэхэми я щытыкIэхэр.

ХУЖЬОКЪУЭ Наталье.

Iу зылъытапхъэ: *2008 гъэм мазаем и 20-м Урысей Федерацэм узынщагъэр хуэмэныкIэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министр Голиковэ Татьянэ Iэ щIидзащ -2008-2009 гъэхэм лэжьапIэ Iут щыхуэхэм я узынщагъэр кьэпщытэным теуха диспансеризацэр егъэкIуэкIыным и Iуэхукъэ- унафэм. Абы щыубзыхуащ дэтхэнэ зыщIэныгъэм щыщу лэжьапIэ Iут щыхуэхэм я узынщагъэр кьызэрапщытэну щыкIэмрэ хабзэхэмрэ.*

- Узынщагъэр хуэмэным и лъабжьэр узыфэхэр къэмыгъэзыжьыныкIэ ирогъалхэну. Абы кIэтыкIуэр дэтхэнэ щыхуэм кьеуэла узыр пасэу кьэхутэныщ. Абы Iэмал кьытыныщ зэманрэ мылькуу куэд темыгъэдагъу. узынщагъэрэ имыкъутэу щыхуэ гъэсыжьыныкIэ. Узыфэхэр хэмыгъэтIэсэныжькIэ мыхьэнэщхуэ ящ Iэзыщащ- лъэпкъ проект пэрытым хиубыдэу ирагъэкIуэкI диспансеризацэм. А Iуэхум дитIэкIэ ирагъэтыну зыужьныныгъэм, гъэ кIуам ирагъэкIуэкIа апхуэдэ гъэжьгъэм кьрикIуахэм топсэльыхь КъБР-м узынщагъэр хуэмэныкIэ и министр Бицу Вадим.

- Нэгъабэ кьытрагъэзэжу диспансеризацэм сыт кьрикIуа?

- Псори зэхэту абы хиубыдэу щыкIэ 26553-м, е зэпIлъну я мурадхэм

Ди газетым зэрытетащ, гьатхэпэм и 26-м Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгьуапIэм «Іуащхьэмахуэ», «Минги Тау» журналхэр къызэрыкъуагъэр пшыхь щыгъэкIи ильэс 50 зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэ пшыхь щыгъэхэщ.

АР ИРАГЪЭКIУ ЭКIАЩ ильэс зыбжанэкIэ «Іуащхьэмахуэ» журналым щылэжьа, мы зэманым «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къанокъуэ Заринэрэ** КъБР-м и Журналистхэм я ассоциацие и тхьэмадэм и къуэдзэ **Шаваевэ Разиятрэ.**

Ящэ псалъэ зрата, КъБР-м и Пар ламентым и УнафэщI **Бечелов Ильяс** республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен журналхэм я редакцIхэм яхуэзгъэзэа и хьуэхьум кьеджащ.

«Ильэс 50 и пэкIи ди республикэм и щэнхабзэ, жылагьуэ гъащIэм мыхьэнэзыгъэ зиIэ Іуэхугъуэ кыщыщхьуащ - «Іу ащхьэмахуэ», «Минги Тау» литературэ-художественнэ журналхэм я ятIэ номерхэр дунейм кьытехьащ.

А зэманым кьриубыдэу абыхэм уэзщыныгъэ, гъэсэныгъэ кьалэн лъапIэхэр ягъэзэщIащ. Журналхэм я фыгъэкIэ адыгэ, балыкъэр, апхуэдэу Къэбэрдей-Балыкъэрым щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэм щыщ тхакIуэхэм я Iэдакъэщэкlэхэр цIыкIубэм я деж нэхъыбэ хуэщащ, кьыщIэхъуэ щIэблэм щапхъэ яхуэхьун цIыку акъылыфIэхэр зыгъэгъэщIэ. Нобл а кьалэныр нэсу ягъэзащIэ журналхэм. Си фIэщ мэхъу лъэпкъ интеллигенцэм, кьищынымщIауэ, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм епха дэтхэнэ зыми а журналхэр зэрагIэнэгъэр.

Лъэпкъ куэд щыпсэу ди республикэм дежкIэ щыIэныгъэм, пщIэ зэхуэщIэным мыхьэнэшхуэ яIэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ щэнхабзэм и Іыхьэ нэхъыщхьэу щыт литературэм ахэр зэрыгуфIыкIыным кьалэныр и пщэ кьыдохуэ.

Щэч кьытесхьэркым Къэбэрдей-Балыкъэрым и цIыхухэм я кьэкIуэнур, экономикэм и мызакъуэу, абы и щэнхабзэми куэдкIэ епхауэ зэрыщытым. Абы кьыхэкIыу художественнэ журналхэм, тхакIуэхэм, интеллигенцэм, жылагьуэ псоми я кьалэн нэхъыщхьэу щытын хуейщ Къэбэрдей-Балыкъэрым щыпсэу лъэпкъ нэхъыщхьитIым зыхуэдэ щымыIэ я щэнхабзэр хьумэныр, я псэкупсэ кьуелэгьэм и зы Іыхьэ цIыкIуи мыгъэкIуэдыныр.

«Іуащхьэмах уэ», «Минги Тау» журналхэм я редакцIхэм щылэжьхэу фи махуэшхуэмкIэ сыныввохьуэхьу, тхыгъэ куплIафIэ хэм фыщIымыщIэну, ар зи Іэдакъэщlэкlэми Къэбэрдей-Балыкъэрым и цIэр фыкIэ ягъэIэну», - итщ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и хуэхьуэ тхылым.

АдэкIэ Бечелов Ильяс жиIащ литературэр ятIэкIэ гъэкIуэт энымкIэ, абы зегьэужьыныкIэ журналхэм зэфIагъэкI лэжьыгъэм и ныбжьыщхьэ хуащIа хэлъхьэныгъэм папщIэ КъБР-м и Парламентым и Щыхь тхылъхэр а пщыхьэщхьэм абы яритащ Къагьырмэс Борис, Елгъэр Кашиф, Гуртуев Сэлихь, Шаваев Хьэсэн сымэ.

КъБР-м и Правительствэм и Аппаратым и унафэщI **Къанокъуэ Султан** адэкIи а лэжьыгъэм ехьулIэныгъэ щаIэ ну ехьуэхьури, илъэс куэд хьуауэ лъэпкъ щэнхабзэм хуэлажьэ журналхэм я редакторэ нэхъыщхьэхэу ІутIыж Борисрэ Додуев Аскэррэ республикэм и Правительствэм и Щыхь тхылъхэмкIэ яхуэупсащ.

АдэкIэ утыкум кьрагъэблэгъа **ІутIыж Борисрэ Додуев Аскэррэ** журналхэм я ильэс 50 гъэугъанэм, нобэ я Іуэху зыIутым уб гъуауэ тепсэльыхьащ. Пшыхьым кьриухьэлIахэм абыхэм ягу кьагъэкIыжащ журналхэр дунейм кьытехьэн зэрыщIадзэрэ я редакторэ нэхъыщхьэу щытахэр, абы и зыужьныныгъэм зи гущIэ хэлъхьа уэсакIуэ, тхакIуэ щэджащхэм я цIэхэр кьрагIуащ.

- Егъэлея хьуну кьыщIэнкьым, адыгэ, балыкъэр тхакIуэхэм нобэ екIуэкI Іуэхугъуэм гукъыдэж ин кьарет жысIэмэ, абы и щхьэусыгъуэри ди журналхэр мыпхуэдэу Іэтауэ зэрагъэльапIэрщ, - жиIащ ІутIыж Борис. - Фыщ Iэ яхуэощI ди республикэм и Президентым, Правительствэм, Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Іэнатlэхэмкlэ мини-стерствэм, мы гуфIэгъуэ пшыхьыр кьызэрытхуэзрагъэпэщам, ди псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ гулыIэ кьызэрытхуащIам папщIэ.

Сэ кьызэрыслыIэтэмкIэ, нобэ екIуэкI Іуэхугъуэ дахэр зыхуэгъэзар «Іуащхьэмахуэ», «Минги Тау» журналхэм я редакцIхэм я закъуэкьым, атIэ ар щытщ ди республикэм щыпсэу лъэпкъ нэхъыщхьитIым я литературэхэм я маху зыщхуэу. Абы кьыхэкIыу художественнэ журналхэм, тхакIуэхэм, интеллигенцэм, жылагьуэ псоми я кьалэн нэхъыщхьэу щытын хуейщ Къэбэрдей-Балыкъэрым щыпсэу лъэпкъ нэхъыщхьитIым зыхуэдэ щымыIэ я щэнхабзэр хьумэныр, я псэкупсэ кьуелэгьэм и зы Іыхьэ цIыкIуи мыгъэкIуэдыныр.

«Іуащхьэмах уэ», «Минги Тау» журналхэм я редакцIхэм щылэжьа, мы зэманым «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къанокъуэ Заринэрэ** КъБР-м и Журналистхэм я ассоциацие и тхьэмадэм и къуэдзэ **Шаваевэ Разиятрэ.**

Ящэ псалъэ зрата, КъБР-м и Пар ламентым и УнафэщI **Бечелов Ильяс** республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен журналхэм я редакцIхэм яхуэзгъэзэа и хьуэхьум кьеджащ.

«Ильэс 50 и пэкIи ди республикэм и щэнхабзэ, жылагьуэ гъащIэм мыхьэнэзыгъэ зиIэ Іуэхугъуэ кыщыщхьуащ - «Іу ащхьэмахуэ», «Минги Тау» литературэ-художественнэ журналхэм я ятIэ номерхэр дунейм кьытехьащ.

А зэманым кьриубыдэу абыхэм уэзщыныгъэ, гъэсэныгъэ кьалэн лъапIэхэр ягъэзэщIащ. Журналхэм я фыгъэкIэ адыгэ, балыкъэр, апхуэдэу Къэбэрдей-Балыкъэрым щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэм щыщ тхакIуэхэм я Іэдакъэщlэкlэхэр цIыкIубэм я деж нэхъыщхьэ яхуэхьун, кьыщIэхъуэ щIэблэм щапхъэ яхуэхьун цIыку акъылыфIэхэр утыку кьихьащ. Нобл а кьалэныр нэсу ягъэзащIэ журналхэм. Си фIэщ мэхъу лъэпкъ интеллигенцэм, кьищынымщIауэ, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм епха дэтхэнэ зыми а журналхэр зэрагIэнэгъэр.

Лъэпкъ куэд щыпсэу ди республикэм дежкIэ щыIэныгъэм, пщIэ зэхуэщIэным мыхьэнэшхуэ яIэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ щэнхабзэм и Іыхьэ нэхъыщхьэу щыт литературэм ахэр зэрыгуфIыкIыным и пщэ кьыдохуэ.

Щэч кьытесхьэркым Къэбэрдей-Балыкъэрым и цIыкIухэм я кьэкIуэнур, экономикэм и мызакъуэу, абы и щэнхабзэми куэдкIэ епхауэ зэрыщытым

● КъБР-м и тхакIуэхэм я зэхуэсым и пэ къихуэу

Хасэ пехьэжьэ

Ди республикэм ис тхакIуэхэм илъэситху къас зэ ящI зэIущIэм. Хасэм, и чэзур къэсащ. Дауи, илъэситхум къриубыдэу ди гъащIэм зэхъуэкIыныгъэ зэхэгъэлIэн Iуэхугъуэхэр, дэрэжэгъуэ къезыIут гуэрхэри щыIауэ къыщIэкIынщ.

Н ТIЭ ди тхакIуэхэр дауэ къыхущIэкIрэ идкыбрей гъащIэм къиГъуэ упущIэ мытынашхэм, дауи екъулIэрэ я IэщIагъэ къиинар?

Мыр упщIэ жьгъейкъым - абрагъэшэ. А упщIэм и жэуап тэмэмыр къэхутэнырэ араУи си гугъэщ зэхуэсым и лэжьыгъэр зытеухуауэ щытынур. ИкIи, зэрыгурыIуэгъэщи, апхуэдэ къалэн идкыпсту си пашхьэ изгъэувжыркъым. Ауэ щIыхъукIи, си мыпхуэдэу соплъ: сэ сигу зэрыгъу (е сызыгъэгуфIэ) гуэрхэр сэтей къэсощIмэ, си мызакъуэу, нэгъуэщIхэри псалъэмакъым къыхьхэрэ я Iуэху епльыкIэр ямыбзыщIу жаIэмэ, итIанэщ а упщIэ абрагъуэм, нэгъуэщI мыхъуми, нэхъ гъунэгъуэ дыбгъэдыхьауэ къэплъытэщыхьунур.

Илъэс ищI ипэ, ди гъэлхэр куущ, ди къуршхэр лъагэщ

Илъэс 40-р зэман щIыкIуэкым. Абы укъыдэбжэмэ, ди проззми поэзиеми къыпхуэмыщIыхужыну захъуэжащ. Драматургиеми-щэ? Сэ жыс-Iэркъым а зэманым къриубыдэу пьесэ зыми имыIтхуэзэ Нэгъуэщ Iуэ зи гугъу сщIыр: «Тыргъэтауэмрэ» «Гуащэмыдэ хьблэмрэ» тщимыгъэгъупщэми, абы ябгъэдэбгъэувэ хъун тхыгъэ къызыпIкърыкIа автор яхэт IутIыжьым кIэлъыкIуэу пьесэ зытхахэм? Сэ сщIэркъым.

Ауэ, ар сымыщIэми, сэ тIэкIу зыхэсщIыкI гуэрхэри щыIэнкIи хъунущ. Псалъэм папщIэ, лъапкъ драматургием хуэмыарэзы театрхэм (къеджэ режиссерхэм) мыпхуэдэ хэмылпIэ къыщалъытхуэ щыIэщ: хамэбзэкIэ тха пьесэхэр анэдэлъхубзэм кърагъэтIасэу (зэрыгурыIуэгъэщи, ар зыхуэфIэкIын тэрмэш къагъэуту). Ауэ ар зыпыщ щыкIуэкым - щIэнтхъуэрыгъуэ зибэ гъуэгущ. Физикэм, химиеми (е щIэнызгъэм и лIэужьыгъуэ кIинэмыщI гуэрым) ешхIа текстыр Iэ къудыкIэм зэIэпах щхьэкIэ ягъэ кIыркъым. Художественнэ текстым и Iуэхур нэгъуэщIщ; тэрмэш тIу щIэм зэIэпаха псалъэм и махъэр щIокIри, къыхэнэжь щIэIэкым.

Европэм, уеблэмэ дуней псом куэд щIауэ хабзэ щыхъуащ: зи Iэдакъэщ Iэкъыр зэбдзэкI тхакIуэшхэм и анэдэлъхубзэмкIэ, тэрмэш уэ уху эмыпыкIуэжу, тыншу уеПсэльэфу щытыкI уэ ящI, абы и тхыгъэр уи анэдэлъхубзэм шэрыуэу къибгъэтIысэн папщIэ. Арыншамэ, фэ тIум фи зэхуакIэ тэрмэш къыдыхьэн хуей хъуамэ, и ягъ щIэмыкIар (ауэ сытми Iуэрыпуэтэжу зэхихар) и фIэщу зыгъэхъыбарыжьым ещхьу арщ уи лэжьыгъэр.

Жьыжьэ дыIэбэнкъым, тпэмыжьыжьэу къыщIыс куржьхэм е ермэлыхэм щIэнэкIалъэ дыкъащIынт, а тхэмыщIкIагъэр франджы, инджылыз, кIь. текстыр ди бзэкIэ зэддзэкIын папщIэ урыс тэрмэшым къытхуигъэлъагъэр ди Iыхьэу зэрыщытыр нобэр къыздэсым Iэщ Iыб зэрыдмыщIыфар ящIатэмэ. А